

**SADHAR**  
**Sabda Winedhar**

November

**2024**

*Mitra Saben Ari Marsudi Ati*

**Tema: Sih Rahmatipun Gusti Tumrap Sadaya Titah**

## PANDONGA

Yehuwah Allah Rama kawula  
Saestu kawula rumaos bingah  
Awit katresnan Paduka nyata wonten ing gesang kawula  
ngantos dumugi ing wekdal punika

Ngancik ing wulan November 2024 punika  
Kawula mitadosaken gesang lan pagesangan kawula  
wetah dhumateng Paduka  
Kepareng Paduka tansah paring  
berkah dhateng anak putu kawula  
tansaha Paduka rimati, Paduka cekapi  
kabetahaning gesangipun  
Paduka tunggil temahan gesangipun saged laras  
kaliyan karsa Paduka

Dhuh Pangeran ingkang Maha tresna  
Kawula ugi ngakeni sakathahing dosa lan panerak kawula  
Keparenga Paduka apunteni,  
Gesang kawula Paduka sucekaken  
temahan gesang kawula saged dados pisungsung  
ingkang prayogi wonten ing ngarsa Paduka

Wonten ing asmanipun Gusti Yesus Kristus,  
Juru Wilujeng kawula ingkang gesang  
pandonga punika kawula unjukaken

Amin

## NGLUHURAKEN ALLAH ING SALAMINING GESANG

*"Aku bakal ngluhurake Sang Yehuwah sajegku urip, Allahku  
bakal dakpuji kalawan masmur sajrone aku isih ana."  
(Jabur 146:2)*

Saben manungsa limrahipun remen dipunalem, langkung-langkung dening tiyang ingkang dipuntresnani. Pangalembana punika saged nuwuhanke raos bingah saha bombong ing manah. Saestu nengsemaken menawi ing satunggaling brayat awit samidene nresnani lajeng sami dene ngalem: bapak ngalem ibu, anak-anak ingkang sami mituhu dipun alem dening tiyang sepuhipun.

Dhumateng Gusti Allah kita ugi dipunkeparengaken atur pangalembana, tumrap sedaya berkah lan karesnanipun dhateng kita. Pangalembana punika kabereg dening manah ingkang kebak pamaturnuwan, lan minangka wujud anggen kita sami ngluhuraken Asmanipun Gusti Allah. Kita minangka umat kagunganipun sampun nampi kawilujengan ingkang sejati lan tansah karimat ing sihipun ing padintenan. Lan nalika kita taksih gesang ing alam donya menika kita nampi samukawisipun saking Gusti Allah. Pramila sampun samesthinipun kita sami ngaturaken panuwun saha ngluhuraken Asmanipun Gusti ing sauruting gesang kita. Kados Sang Juru Mazmur 146 ugi nelakaken tekad badhe tansah ngluhuraken Sang Yehuwah.

Anggen kita ngluhuraken lan ngalembana Gusti Allah ingkang Mahaasih saged kanthi maneka warni cara. Salah satunggaling cara inggih menika lumantar pepujian utawi kekidungan. Kitab Jabur Mazmur menika wujudipun pepujian saking umat dhumateng Sang Yehuwah minangka sumbering gesang lan pagesangan. Mila Sang Juru Pemazmur ngajak kita supados sadangunipun kita wonten ing jagad menika sumangga kita tansah ngluhuraken Asmanipun ing samangke ngantos ing salami-laninipun.

Samia ngekahaken tekad bilih: *"Sang Yehuwah tansah badhe kawula luhuraken ing salamining kula gesang."* Amin. | \*DAC

## MANUNGSA BOTEN SAGED PARING KARAHAYON

*"Aja kumandel marang para panggedhe, lan marang anaking manungsa kang ora bisa aweh karahayon."*

*(Jabur 146:3)*

Nalika wonten satunggaling dokter ngalami sakit, wonten sedherek ingkang gadhah pitakenan, "dokter ki tukang nambani wong, lha kok isa lara.." Pancen dokter saged maringi tamba nanging sejatosipun kesarasan sanes manungsa ingkang maringi. Dokter menika ugi manungsa. Manungsa menika winates. Manungsa saged damel samukawis karana dipun paringi akal budi dening Gusti, nanging sedayanipun tetep winates lan boten lestantun. Saya malih jaman samangke sampun majeng kanthi teknologi ingkang moderen. Kados-kados sedaya saged dipundamel lan katindakaken kanthi gampil dening manungsa. Sesambutan setunggal tiyang kaliyan sanesipun, boten malih winates ing wekdal lan panggenan. Teknologi komunikasi damelaning manungsa nyagedaken kita sesambutan kaliyan sinten kemawon lan dhateng pundia kemawon. Ananging sedayanipun nggih taksih winates, boten sampurna lan lestantun.

Beda kaliyan Ingkang Murbeng Dumadi. Gusti Allah ingkang nitahahaken manungsa menika tan winates. Gusti Allah menika asipat lestantun, saking wiwitan ngantos pungkasen, Gusti menika tetep langgeng. Gusti menika tuking karahayon kita ingkang sejati lan lestantun. Mila karahayon saking Gusti menika ingkang kita betahaken.

Mila sampun ngendelaken dhateng manungsa, awit manungsa saha pandamelipun namung winates lan boten langgeng. Bab menika saged kita tingali ing gesang padintenan. Wonten ing gesang sesarengan menika kita mbetahaken pemimpin. Manungsa ingkang dados pemimpin kaparingan panguwaos, kekiyatana, kapinteran lan kasagedan kangege mimpi rakyatipun. Nanging sedayanipun namung sawetawis wekdal. Menawi sampun wancinipun badhe lengser saking kalenggahanipun minangka pemimpin. Sedherek ingkang kapilih dados pemimpin mbok bilih saged ngayomi umatipun nanging boten saged paring karahayon. Pramila, kumandela namung dhateng Gusti ingkang paring karahayon. |\*DAC

## TRESNA DHUMATENG ALLAH KANTHI SAWETAHING GESANG

*"Sira tresnaa marang Allahira kalawan gumolonging atinira, lan kalawan gumolonging nyawanira, sarta kalawan gumolonging budinira apadene kalawan sakabehing kakuwatanira."*

(Markus 12:30)

Samukawis ing gesang kita menika menawi boten kita tindakaken kanthi saestu temtu boten sae. Mangu-mangu, *setengah-setengah*, gojak-gajek menika damel kita lumampah boten prayogi. Mekaten ugi bab katresnan.

Dhawuh saking Gusti ingkang utami inggih menika tresna dhateng Allah lan sesami, kados ingkang sinerat ing angger-anggering katresnan ingkang saben-saben kaparingaken dhateng pasamuwan ing salebetung pangibadah Minggu. Tresna dhateng Gusti Allah kedah kanthi sawetahing gesang, dadosa ing manah menapa dene nyawa, budi lan kekiyatan kita. Wonten tresna ingkang dipun kersakaken Gusti Allah inggih menika tresna agape (*tanpa pamrih*) ingkang dados landhesan tresna philia (*kekancan*), storje (*kekerabatn*) lan eros (*antawising jaler estri*). Gusti Allah sampun nresnani kita minangka tiyang dosa, inggih menika ngantos masrahaken ingkang Putra ontang-anting, Gusti Yesus Kristus. Katresnan agape saking Gusti Allah ingkang sawetahipun menika sampun samesthinipun kita tanggapi kanthi nresnani Gusti Allah kanthi tulus ekas lan kanthi gumolonging manah nyawa, budi lan kekiyatan kita.

Tresna sawetahing manah kalairaken kanthi manah ingkang tansah ngraosaken kasaenanipun ing gesang kita, manah ingkang kebak bab-bab ingkang sae. Gusti menika "*bagusing ati*" ateges manah kita kedah sae lan nyondhongi kersanipun Gusti. Mekaten ugi budi lan kekiyatan kita

Tresna gumolong ateges sedaya gesang kita namung kagem Gusti, boten karem bandha kadonyan. Minangka manungsa limrah kita mbetahaken bandha kadonyan, ananging sampun ngantos kita dipun kuwaosi dening bandha kadonyan. Kosok wangsulipun bandha kadonyan peparingipun Gusti kita ginakaken kangge nresnani Gusti Allah. |\*DAC

## **RUKUN KALIYAN SEDAYA TIYANG**

*“Sabisa-bisa yen panceñ gumantung marang kowe,  
andona rukun karo wong kabeh” (Rum 12:18)*

Wonten satunggaling pepujen ingkangmekaten suraosipun:

*Oh betapa indahnya dan betapa eloknya  
Bila saudara seiman hidup dalam persatuan  
Bak urapan di kepala Harun yang ke janggut dan jubahnya turun  
Seperti embun yang dari Hermon mengalir ke bukit Sion ...*

Pepujen menika nggambarkan patunggilan ingkang endah. Menika mbetahaken karukunan antawisipun setunggal lan sanesipun. Mila dhawuh supados sami dene rukun menika tansah kaparingaken dhateng manungsa supados gesang ing bebrayan agung menika endah.

Pangandikanipun Gusti wekdal menika mratelakaken bab menika. Tembung *“sabisa-bisa”* ngemu teges bilih kita kedah mbudidaya supados saged rukun kaliyan sok sintena kemawon ingkang kita pangghihi ing gesang padintenan. Salajengipun menawi sedaya menika gumantung kaliyan kita, kita panceñ sampun samesthinipun andon rukun kaliyan sedaya tiyang.

Patunggilan ingkang kinanthenan karukanan badhe nuuhaken margi kangge nampi berkah. Ing pepujen kagambarkan kados lisah jebad ing mastakanipun Harun ingkang ndlewer saking janggut mandhap dhateng jubahipun, kados embun ingkang mili saking Hermon tumuju ing Sion. Menika nedahaken bilih berkah badhe linuber lan tansah wonten ing gesang sesarengan ingkang kebak karukunan.

Gusti Allah lumantar pangurbananipun Sang Kristus sampun ngrukunaken kita manungsa dosa kaliyan Allah ingkang Maha suci, lan tansah ngluberaken berkah dhateng sedaya titah. Awit saking menika sumangga kita nuhoni dhawuh *“andon rukun dhateng sedaya tiyang”* kanthi saksaged-saged kita. Karana menika gumantung dhateng dhiri kita, mangga kita ingkang miwiti supados dhawuh saking Gusti menika kelampahan. Kanthi mekaten kita panceñ dados brayating ingkang sami dene andon rukun. | \*DAC

## NGGATOSAKEN PRANATAN

*“Awit aku nggatekake sakehing angger-anggere lan pranatanane ora daklirwakake” (Jabur 18:23)*

Murid menika nggaduhahi kuwajiban manut mituhu dhateng guru. Murid ingkang sejati menika tansah nggatosaken saben piwulang ingkang kaparinagken dening gurunipun. Saben dinten sedaya ingkang sampaun katampi lajeng dipun sinaoni dening murid. Boten namung nggatosaken lan nyinau piwulang-piwulang, nanging ugi saben pranatan lan angger-angger ingkang sampaun dipun sarujuki antawising guru kaliyan murid ing pawiyatanipun. Nalika murid boten nerak pranatan lan nggatosaken piwulang, guru badhe karenan dhateng murid menika. Patrapipun murid ingkang kados mekaten menika ingkang saged dados murid ingkang wasis.

Nggatosaken angger-angger lan boten nglirwakaken pranatan menika ugi ingkang dados krenteging manah sang pemazmur ing waosan kita dinten menika. Pengalamaning Prabu Dawud anggenipun sumuyud dhumateng Sang Yehuwah nuwuhaken piyambakipun tansah mituhu dhumateng Allah. Saben ngadhepi mengsa Sang Prabu Dawud kapitulungan dening Sang Yehuwah. Gusti nuntun piyambakipun dhateng panggenan ingkang omber, dipun luwari amargi Gusti Allah karenan dhateng Prabu Dawud (ayat 20).

Sang Yehuwah paring piwales dhateng Sang Prabu Dawud manut ing kayektenipun lajeng paring ganjaran miturut karesikaning tanganipun (ayat 21) lan sedaya amargi Prabu Dawud tansah ngantepi anggenipun ngambah ing margining Sang Yehuwah. Nalika Prabu Dawud boten nindakaken duraka dhumateng Gusti Allah, piyambakipun badhe nampi piwales saking Sang Yehuwah (ayat 22). Tiyang ingkang nggatosaken angger-angger lan boten nglirwakaken pranatan menika kasebat *resik tanganipun*. Tiyang menika badhe setya tuhu dhateng Sang Yehuwah ingkang tansah setya tuhu dhateng umat kagunganipun. Sang Yehuwah badhe tumindak tanpa cacad dhateng manungsa ingkang tumindak tanpa cacad. | \*DAC

## TRESNA-TINRESNAN

*"Kanthy mangkono saben wong bakal padha weruh, yen kowe padha dadi siswaKu, yaiku manawa kowe padha tresna-tinresnan."*  
*(Yohanan 13:35)*

Menawi tiyang sepuh badhe nilar para putranipun, biasanipun paring piweling bab gesang sesarengan supados sami rukun setunggal lan setunggalipun, sami dene nresnani. Tresna *storge*, tresna amargi sesambutan brayat utawi tunggal rama ibu menika kedah kajagi sampun ngantos pedhot. Kanthy tresna-tinresnan para putra sami saged tansah manunggal lan ngraosaken kaberkahan ing gesang sesarengan.

Tresna-tinresnan punika titikanipun tiyang pitados. Tresna dhumateng Gusti Allah lan sesami menika dhawuhipun Gusti Yesus ingkang kita mangertosi minangka anger-angering katresnan. Gusti Allah ingkang mahatresna tansah paring katresnan dhateng kita kados pundia kawontenanipun. Sinaosa manungsa asring dhumawah ing dosa, Gusti Allah tansan paring pangaksama nalika kita purun ngakeni dosa lan mratobat. Mila sampun samesthinipun kita ugi nanggapi katresnanipun Gusti Allah kanthy nresnani sesami.

Gusti Yesus saderengipun nilar para sekabat paring pepaken ingkang anyar, inggih menika supados sami tresna-tinresnan kados dene anggenipun Gusti Yesus sampun nresnani dhateng para murid. Para sekabat kadhwuhan sami dene nresnani. Gesang ing salebeting tresna-tinresnan mujudaken tandha bilih para murid badhe dados seksi minangka siswanipun Gusti Yesus. Tiyang sanes badhe nekseni bilih para murid menika saestu gesang minangka muridipun Gusti Yesus.

Dhawuh saking Gusti Yesus ing bab tresna-tinresnan sinebat miangka pepaken anyar, amargi ing Prajanjian lami sampun wonten, nanging linangkung lebet lan beda kaliyan dhawuh ing Prajanjian Lami. Kejawi saking menika dhawuh menika kadhasaran katresnan tulus saking Gusti ingkang tanpa pamrih (*katresnan agape*). Kanthy mekaten dhawuh tresna-tinresnan dados pepaken anyar awit langkung lebet lan wiyar ingkang boten namung kaparingaken dhateng para murid nalika semanten, nanging ugi kaparingaken dhateng saben tiyang pitados kalebet pasamuwan ing samangke. | \*DAC

## KABENERAKEN SRANA RAHIPUN

*“Apamaneh saiki, kita wus padha kabenerake sarana rahe,  
wus mesthi bakal loput saka ing bebenduning Allah.”*

*(Rum 5:9)*

Toya menika kaginakaken manungsa kangge ngresiki menapa kemawon. Kangge ngresiki rereged, toya dados sarananipun. Mekaten ugi rah ing raga menika perangan ingkang ndadosaken kita gesang. Menawi pangresikan mawi toya menika secara kamanungsan, secara karohanen kita minangka tiyang pitados sampun nampi kawilujengan lumantar rahiipun Sang Kristus. Ayat 5 mratelakaken bilih kita sampun kaleresaken sarana rahiing Sang Kristus lan sampun kauwalaken saking bebenduning Gusti Allah.

Kekiyataning rahiipun Gusti Yesus ingkang sampun ngluwari kita saking dosa lan paukuman awit dosa. Rahiipun Sang Kristus ingkang mili ing kajeng salib minangka gantosing paukuman saking dosa-dosa kita satemah kita nampi pangapunten lan kawilujengan namung ing Panjenenganipun.

Kita menika manungsa ingkang sampun kathah nindakaken kalepatan lan dosa, ingkang damel kita boten pantes ing ngarsanipun Gusti Allah. Ananging karana kuwaosing rahiipun Sang Kristus sampun ngresiki dosa-dosa kita lan ngleresaken kita ing ngarsanipun Gusti Allah. Lumantar rahiing Sang Kristus, sesambutan kita sampun kapulihaken kaliyan Gusti Allah ing gesang ingkang kebak kayekten lan kawilujengan ingkang sejati lan lestantun.

Sejatosipun kita menika boten leres ing ngarsanipun Gusti Allah, nanging kaleresaken awit rahiipun Sang Kristus awit pitados dhumateng Gusti Yesus. Rah ingkang dipun agem dados sarana dening Gusti Allah kagungan kuwaos kangge ngawontenaken korban panebusan, lan kawutuhaken minangka pangresikan kangge dosa-dosaning manungsa. Manungsa ingkang lepat lan jember karana dosa kaleresaken awit saking rah ingkang kawutuhaken, satemah sedaya manungsa dosa nampeni pangapunten sejati saking Gusti Allah. Bab menika tansah kaemutaken dhateng saben tiyang pitados ing salebetung sengkeran bujana suci supados iman kapitadosan kita tansah karimat lan kasantosakaken. |\*DAC

## WARISAN INGKANG LANGGENG

*“..., supaya wong-wong kang wus katimbalan padha bisaa tampa warisan langgeng kang kaprasetyakake, ...”  
(Ibrani 9:15b)*

Tiyang sepuh limrahipun nresnani para putranipun. Salah satunggaling wujud katesnan dhateng putra inggih menika nyawisaken “warisan”. Temtunipun warisan ingkang sae ingkang badhe dipun paringaken. Warisan wujudipun saged arupi arta, barang utawi piwulang lan pitedah. Warisan ingkang kaparingaken dening manungsa sipatipun boten lestantun, saged ical. Beda kaliyan warisan langgeng saking Gusti, menika bab kailujengan ingkang sejati.

Ing waosan kita dinten menika, ingkang sinebat warisan langgeng inggih menika prasetyan-prasetyan langgeng ingkang kaparingaken dening Gusti Allah lumantar Gusti Yesus Kristus. Saderengipun Gusti Yesus rawuh, manungsa gesang ing prajanjian lami ingkang kaparingaken dhateng bangsa Israel. Prajanjian Lami mbetahaken pangurbanan sato kewan minangka gantosing dosa, nanging pangurbanan menika boten cekap kangege mbirat dosa ing salaminipun. Nanging lumantar seda lan wungunipun Sang Kristus, Gusti Allah sampun paring prasetyan anyar kaliyan manungsa ingkang ngluwari manungsa saking pangawulaning dosa lan maringi wekdal kangege gesang ing kasucen lan kayekten. Warisan langgeng menika minangka prasetyanipun Allah ingkang langgeng, inggih menika gesang langgeng sesarengan Gusti lan nampi sih rahamatipun.

Warisan langgeng menika mujudaken kasugihan kasukman peparingipun Gusti Allah dhateng kita lumantar Gusti Yesus Kristus. Kita kawilujengaken saking dosa lan nampi Roh Suci ingkang nuntun kita kangege gesang ing kasucen lan kayekten. Warisan langgeng menika minangka bab ingkang boten saged ical utawi kajabel, lan dados gadhahan kita ing salamilaminipun, sauger kita tetep setya dhumateng Gusti.

Sumangga tansah ngurmati pangurbananipun Sang Kristus lan agunging sih rahmatipun Gusti Allah dhateng kita, kanthi tansah atur panuwun sokur lan njagi warisan langgeng menika saha mbudi daya gesang ing salebeting kasucen lan kayekten peparingipun. |\*DAC

## SANG YEHUWAH NGREKSA KITA

*“Manawa dudu Pangeran Yehuwah kang yasa omah, tanpa gawe panggarape tukange; manawa dudu Pangeran Yehuwah kang ngreksa marang kita, tanpa gawe wong jaga anggone melek.”*

*(Jabur 127:1)*

Tukang menika tiyang ingkang ahli ing babagan mirunggan. Umpaminipun tukang gigi, tiyang ingkang ahli damel gigi palsu. Tukang sumur, tiyang ahli ing babagan damel sumur. Tukang bangunan menika ahli ing babagan damel bangunan. Menawi sampun ahli ing bidangipun temtu sae anggenipun makarya. Anannging ing waosan kita dinten menika kasebataken mekaten, *“menawa dudu Pangeran Yehuwah kang yasa, tanpa gawe panggarape tukange”*. Dados sianosa sampun ahli sejatosipun Gusti ingkang nyagedaken para tukang anggenipun makarya.

Jabur 127:1 mulang dhateng kita bab wigatinipun anggen kita gesang gumantung dhumateng Gusti ing sadhengah perkawis kalebet ing pambudi daya lan pakaryan kita. Ayat menika mratelakaken, *“menawi boten kaliyan Gusti yasa griya, tanpa gina anggenipun mbangun; menawi boten kaliyan Gusti tanpa gawe, tiyang jagi ngantos enjang.”*

Ing gesang padintenan, kita asring dhumawah ing pakulinan lan pakaryan kita ingkang damel kita sayah lan kemrungsung. Kita asring rumaos bilih saya kathah pakaryan kita, saya ageng kange tumuju pikantuk asil. Nanging sejatosipun sedayanipun badhe muspra menawi boten gumantung kaliyan Gusti.

Minangka manungsa, kita winates ing samudayanipun. Ing kalanipun kita boten saged ngendhaleni samukawisipun ingkang kelampahan ing sakiwa tengen kita. Awit saking menika kita perlu ngakeni bilih kita menika gumantung kaliyan Gusti ing samukawis. Gusti Allah menika tuking kekiyatan kita lan namung Gusti ingkang kuwaos maringi kesagedan lan kapinteran satemah saged kasil ing sedaya perkawis.

Mila sumangga kita tansah pasrah lan sumarah dhumateng Gusti Allah kanthi manah ingkang andhap asor. Kita ngakeni bilih kita boten kuwagang nindakaken sedya tanpa pitulunganipun Gusti. Gusti Allah ingkang ngreksa kita. | \*DAC

## MISUNGUNG SAKING KEKIRANGAN

*"amarga kabeh padha misungsung saka ing kaluwihane, dene randha iki nyaosake saka ing kakurangane, malah kabeh kang dadi duweke, yaiku kabeh kang minangka panguripane."*

*(Markus 12:44)*

Dinten menika pengetan Hari Pahlawan. Kangge mengeti dinten pahalwan, kita sinau misungsung jiwa raga dhateng bangsa lan negari kanthi menapa ingkang kita gadhahi. Boten namung tiyang ingkang gadhah kapinteran ing perang ingkang saged mbelani bangsa lan negari. Sinaosa boten gadhah menapa-menapa kita saged atur pisungsung kangge bangsa lan negari?

Mangga kita sinau dhateng randha miskin ing waosan kita dinten menika. Markus 12:44 nyariosaken satunggaling lelampaahan nalika Gusti Yesus saweg lenggah Bait Suci lan mirsani kathah tiyang nglebetaken pisungsung kathah. Lajeng wonten satunggaling randha miskin ingkang nglebetaken pisungsung kalih igar. Gusti Yesus nimbali murid-muridipun lan ngendika, "Aku pitutur marang kowe, sanyatane pisungsunge randha miskin iku luwih akeh katimbang sakabehing wong ..." Menika mratelakaken bilih tiyang kathah misungsung saking kaluwihanipun, nanging randha miskin misungsung saking kakiranganipun malah sedaya ingkang dados gadhahanipun inggih menika sedaya ingkang minangka gesang. Raos pasrah lan sumarah ingkang dados dhasar gesang ingkang kebak atur panuwun sokur.

Ayat menika paring piwulang dhateng kita supados atur pisungsung kanthi eklas, sarta ngaosi bab-bab ingkang ketingal alit lan kaanggep sepele. Kita kedah sinau kange misungsung kanthi manah ingkang eklas lan tulus, sarta boten ningali sepinten ageng menapa alit pisungsung ingkang kita aturaken. Kanthi mekaten, kita saged gesang kanthi tentrem lan bingah ing panganthinipun. Gusti Allah ngasihi tiyang ingkang misungsung kanthi manah ingkang eklas lan tulus.

Kados dene pahlawan ingkang ngaturaken jiwa raganipun kange nggayuh kamardikan sumangga kita aturaken gesang kita kanthi tulus eklas kagem Gusti. | \*DAC

## NGASORAKEN DHIRI

*"Wong asor dijunjung saka ing lebu lan wong mlarat dientas  
saka ing blethokan," (Jabur 113:7)*

Jabur 113:7 mulang kita bab kamulyaning Allah lan kaagunganipun ingkang nglangkungi samukawis ing jagad menika. Ayat menika mratelakaken, "Panjenenganipun ngentas tiyang asor saing lebu, lan ngentas tiyang miskin saking blethokan."

Ayat menika paring piwulang dhateng kita bilih Allah tansah ngasihi lan nggatosaken tiyang-tiyang ringkikh lan ketriwal. Gusti Allah boten mirsani status sosialipun utawi kasugihanipun, nanging Gusti mirsani manah lan kabetahanipun manungsa. Gusti Allah tansah sumadya mitulungi lan ngentas tiyang ingkang ngasoraken dhiri ing ngarsanipun.

Ing gesang padintenan, kita asring rumaos asor lan boten dipun gatosaken dening tiyang sanes. Nanging, Jabur 113:7 nedahaken kita supados tansah ngendelaken Gusti Allah ing sedaya perkawis, lan pitados bilih Panjenenganipun tansah sumadya mitulungi lan ngentas kita saking kawontenan ingkang awrat. Kita kedah mitadosi bilih Gusti Allah tansah nggatosaken kita lan peduli dhateng kabetahan kita, malah nalika kita rumaos ringkikh lan boten wonten ingkang peduli.

Mangga kita tansah atur panuwun sokur awit kamirahanipun Allah ingkang tansah ngangkat tiyang ingkang ngasoraken dhiri ing ngarsanipun. Mangga kita sinau mitadosaken gesang lan ngendelaken Gusti Allah ing samukawisipun, sarta nyuwun pitulungan nalika kita ing salebetung kawontenan ringkikh lan piyambakan. Kanthi mekaten, kita saged gesang kanthi bingah lan tentrem rahayu. Awit kita pitados bilih Gusti Allah nresnani saha mitulungi saben tiyang ingkang purun ngasoraken dhiri ing ngarsanipun.

Tiyang ingkang mbetahaken lan ingkang andhap asor ingkang badhe kapitulungan rahayu dening Gusti Allah. Langkung-langkung ing kawontenan ingkang angel lan awrat. |\*DAC

## MITULUNGI TIYANG SANES

*“Ilan kang wus kaseksenan panggawene becik, kayata: ngulawenthah anak, dhemen aweh pamondhokan, ngwisuhi sikile para sadulur kang tunggal pracaya, nulungi wong kang uripe kesrakat, cekake kang mrelokake sadhengah panggawe becik.”*  
*(I Timoteus 5:10)*

Manungsa menika makhluk sosial. Ateges, manungsa boten saged gesang piyambakan. Wiwit lair mila mbetahaken pitulunganipun tiyang sanes. Ibu nglairaken kapitulungan dening bidan. Menawi kedah operasi caesar mbetahaken dokter bedah lan perawat. Bibar lairan bayi mbetahaken dokter anak. Nalika sampun dewasa lan pinuju sakit mbetahaken dokter umum utawi spesial lan salajengipun. Malah pas katimbalan karimat dening tiyang sanes ingkang taksih gesang.

Gusti Allah nitahaken samukawis menika sae. Manungsa ing sakawit menika kadhwahan nindakaken pandamel sae dhumateng sinten kemawon, mirungan dhateng tiyang sanes ingkang mbetahaken, inggih menika ingkang ringkiah, ingakang sakit, ingkang sedhiih, ingkang kesrakat lan sapanunggalanipun.

Ing waosan kita dinten menika, Rasul Paulus paring pitedah dhateng Timoteus bab mitulungi para randha ingkang saestu ringkiah lan mbetahaken pitulungan. Bab menika kalairaken kanthi wujud ngaosi para randha, langkung-langkung randha ingkang gadhah anak utawi putu ingkang bekti lan tansah atur piwales dhateng tiyang sepuh lan simbahipun. Mekaten ugi dhateng randha ingkang ketriwal lan tansah ngajeng-ajeng dhumateng Gusti sarta nyenyuwun lan ndedonga rinten dalu. Mekaten ugi minangka tiyang ingkang ringkiah para randha sampun ngantos tumindak awon, nanging tetep mbudidaya nindakaken pandamel sae.

Mitulungi tiyang sanes, mirunganipun tiyang ingkang saestu mbetahaken pitulungan menika dados dhawuh timbalan saking Gusti Allah. Gusti Allah ingkang nyagedaken kita sedaya kangege mitulungi tiyang sanes kanthi pandamel sae. |\*DAC

## MARTOSAKEN KABAR SAE

*“Rohe Pangeran ngayomi Ingsun awit Panjenengane wis njebadi Ingsun, kadhawahan martakake kabar becik marang wong-wong miskin; lan Panjenengane wis ngutus marang Ingsun” (Lukas 4:18)*

Tiyang langkung remen nampi pawartos ingkang sae katimbang pawartos awon. Kabar bingah lan sae menika asring ingkang dipun tengga, langkung-langkung saking tiyang ingkang dipuntresnani. Nalika mireng kabar sae kita ngraosaken bingahing manah. Mekaten ugi nalika kita ingkang atur pawartos sae lan mbingahaken, temtu kita tindakaken kanthi semangat lan kabingahan ugi.

Lukas 4:18 paring piwulang dhateng kita ngengingi werdinipun Gusti Yesus Kristus rawuh ing jagad menika. Gusti Yesus rawuh paring pawartos sae kange ngluwari tiyang ingkang katindhes. Ayat menika mratelakaken, *“Rohe Pangeran ngayomi Ingsun awit Panjenengane wis njebadi Ingsun, kadhawahan martakake kabar becik marang wong-wong miskin; lan Panjenengane wis ngutus marang Ingsun”*.

Gusti Yesus Kristus rawuh ing donya menika martosaken kabar kabingihan bab Kratoning Allah lan ngluwari manungsa saking pangawulaning dosa lan tumindak boten adil. Gusti rawuh paring kamardikan lan pemulihian kange ingkang tatu lan sakit. Karawuhanipun nelakaken sih karesnaning Allah dhateng manungsa lan kange mimpin manungsa tumuju ing margi ingkang leres.

Ing gesang saben dinten, kita asring ngadhepi kabar saking medhia sosial ingkang maneka warni. Boten sedaya pawartos menika saged kita pitadosi leres menapa boten. Pramila kita kedah tansah milah lan milih pawartos ingkang sae lan leres saha pantes kange dipun lajengaken dhateng asanes. Piwulanging Gusti ing dinten menika ngemutaken bilih Gusti Yesus Kristus rawuh paring pangajeng-ajeng lan pangluwar kange manungsa ingkang dosa lan ingkang kecalan pangajeng-ajeng. Menika pawartos sae lan yekti. Mangga sami martosaken pawartos sae menika dhateng sedaya umat. |\*DAC

## NGLAMPAHI PANDAMEL SAE

*“Padha elingna, supaya padha nglakoni panggawe becik, dadi sugih ing bab kabecikan, dhangan weweh lan memandumi” (I Timoteus 6:18)*

Ing jaman samangke kekancan menika saged kaliyan sinten kemawon, tan winates dening papan lan wekdal. Lumantar media sosial sae menika *facebook, instagram, twiter lan sanesipun*, kita saged sesambutan kaliyan sinten kemawon. Ananging kita kedah waspada akibatipun saking kemajenginan *teknologi komunikasi* ing jaman samangke. Wonten istilah *hoax* utawi kabar apus-apus ingkang saged damel sesambutan memitran menika risak. Mila kita kedah tansah njagi nindakaken pandamel sae supados sedayanipun nuwuhken kawontenan ingkang sae.

Rasul Paulus paring pepenget dhateng Timoteus supados sampun ngantos kesupen nindakaken pandamel sae. Wujud pandamel sae inggih menika kanthi nggadhahi kasugihan ing kasaenan lan remen weweh saha andum berkah dhateng sesami.

Menawi wonten pitakenan, “panjenengan milih sugih bandha menapa sugih mitra?” Kanggenipun tiyang pitados temtu badhe milih sugih mitra. Linangkung mberkahai kathah mitra katimbang bandha kadonyan. Nalika ing kawontenan ringkih, mitra menika langkung saged paring pitulungan dhateng kita katimbang kathah bandha. Menapa malih menawi tiyang menika sugih kasaenan. Tiyang ingkang nyebarengan sae badhe ngundhuh woh ingkang sae.

Muridipun Gusti kedah tansah emut bilih kita menika tansah binerkaan dening Gusti. Kita tansah kaemutaken supados nggadhahi patrap gesang remen weweh. Wonten pitembungan mekaten, “*luwih becik menehi ketimbang kridha lumangih asta..*” Tiyang ingkang tansah ngraosaken berkahing Gusti, dadosa ing kawontenan bingah menapa dene sisah, mesthi gadhah patrap remen weweh dhateng asanes. Pramila sumangga sami remen nindakaken pandamel sae dhumateng sesami ing gesang padintenan awit menika ingkang dipunkersakaken dening Gusti Allah dhateng kita minangka putra-putra tetebusaning Gusti. |\*DACP

## NGOYOD ING GUSTI

*“Dinganti ngoyod lan kabangun, ana ing Panjenengane, muga kowe saya wuwuh kasantosanmu ana ing pracaya kang wus diwulangake marang kowe, lan muga atimu kebak panuwun.”*

*(Kolose 2:7)*

Taneman ingkang sae inggih menika ingkang ngoyod kanthi bakuh ing pasiten ing subur. Nalika wonten angin ingkang nempuh taneman menika badhe tetep kiyat. Menapa malih taneman menika karawat kanthi saestu. Temtu saged tuwuhan sae lan ngasilaken woh ingkang sae.

Kolose 2:7 paring piwulang bab gesang ing iman kapitadosan lan ngandelaken gesang dhumateng Sang Kristus ing sedayanipun. Ayat menika mbereg kita supados ngoyod lan kabangun ing iman dhateng Gusti Yesus Kristus. Tiyang pitados ingkang tansah nggumantungaken gesang namung dhumateng Sang Kristus, badhe kasantosakaken iman kapitadosanipun. Kanthi saya ngoyod lan santosa ing Gusti, kita badhe tansah nampi tetedhan kasukman. Gesang kapitadosan kita tansah karimat dening Gusti lan saya bakuh sesambetanipun kaliyan Sang Sumbering katentreman lan kabingahan ingkang sejati.

Tiyang ingkang gesangipun ngoyod ing Gusti saged ngadhepi kawontenaning ingkang awrat karana kemajenganing jaman. Ing samangke tantangan jaman saya awrat lan ketingal nengsemaken ingkang saged paring pengaruh awon dhateng tiyang pitados. Mila menawi iman kita santosa awit tansah ngoyod ing Gusti Yesus, kita saged ngadhepi sedayanipun malah saged ngawonaken panggodhaning jaman. Boten amargi kekiyatan kita piyambak, nanging amargi kekiyatan saking Gusti ingkang kita tampeni kanthi ngoyod ing Gusti.

Sumangga kita tansah ngoyod lan kabangun ing iman kapitadosan kita wonten ing Sang Kristus. Katentreman lan kabingahan tansah badhe kita raosaken ing satengahing ombaking jaman kados pundia awratipun. Kita badhe santosa lan tetep nggondheli Gusti minangka sumbering kekiyatan lan berkah tumrap kita. |\*DAC

## PITULUNGANIPUN GUSTI

*“Hana banjur ndedonga, unjuke: “Manah kawula abingah-bingah margi Sang Yehuwah, singating karosan kawula linuhuraken dening Sang Yehuwah; cangkem kawula ngolok-olok satru kawula, awit kawula asuka-rena margi saking pitulungan Paduka.” (I Samuel 2:1)*

Waosan kita dinten menika memulang kita bab wigatining memuji lan mulyakaken Allah ing sadhengah perkawis. Kita saged sinau saking Hanna anggenipun ndedonga lan matur dhumateng Gusti Allah : ”Manah kawula abingah-bingah margi Sang Yehuwah, singating karosan kawula linuhuraken dening Sang Yehuwah; cangkem kawula ngolok-olok satru kawula, awit kawula asuka-rena margi saking pitulungan Paduka.”

Hanna menika satunggaling ibu ingkang sedhiih lan prihatos karana dereng gadhah putra. Nanging, Hanna tetep pitados lan memuji Gusti Allah ing samukawisipun, malah nalika nglampahi kawontenan ingkang angel. Hanna memuji Allah awit nampi kawilujengan lan awit kaagunganipun ingkang tansah ngantri gesangipun.

Ing gesang padintenan, kita nate ngalami kawontenan ingkang awrat lan angel sarta kebak tantangan. Mangga kita sinau kados Hanna. Ingkang kita tingali kawilujengan ingkang sampun kita tampi saking Gusti lumantar Sang Kristus. Gusti Allah tansah mitulungi manungsa ing gesangging manungsa ing sadhengah kawontenan.

Mangga kita sinau mitadosi lan memuji Allah ing sadhengah perkawis, sarta ningali kasaenanipun lan katresnanipun Allah ing saben kawontenaning gesang kita. Kita kedah mbuka manah lan pikiran kita kange nampi berkah lan panuntuning Allah, sarta gesang kanthi kebak ing raos sokur awit katresnan lan berkahipun ingkang sampun lan tansah kaparingaken dhateng kita.

Gesang ingkang kebak kabingahan lan memuji Allah ing sadhengah kawontenan badhe nuwuhaken semangat gesang kange ngadhepi kawontenan ingkang awrat. Pitulungan kita ingkang sejati pinangkanipun namung saking Gusti lumantar Yesus Kristus Juru Wilujeng kita. |\*DAC

## SAMPUN NGANTOS DIPUNSASARAKEN

*“Gusti Yesus banjur wiwit ngandika: “Kowe padha sing awas, aja nganti kowe disasarake ing wong!” (Markus 13:5)*

Piwulang dinten menika kita kedah waspada lan boten gampil kenging pengaruh maneka warni piwulang palsu ingkang nasaraken. Menika piwelingipun Gusti Yesus nalika lengkah ing redi Zaitun, ingkang aben ajeng kaliyan pedaleman suci kaliyan Petrus, Yakobus, Yokanan lan Andreas. Para sekabat sami atur pitaken bab kapan padaleman suci badhe rubuh (ayat 2).

*“Gusti Yesus banjur wiwit ngandika: “Kowe padha sing awas, aja nganti kowe disasarake ing wong!”*

Gusti Yesus ngemutaken para murid supados boten gampil kenging pengaruh rupi-rupi piwulang palsu ingkang saged nasaraken saking kayekten. Gusti paring piwucal supados tansah waspada lan ngatos-atos ngadhepi piwulang ingkang boten nyondhongi Pangandikaning Allah.

Ing gesang padintenan, nalika kita ngadhepi maneka warni piwulang lan pawartoa ingkang saged damel bingung anggen kita ngupadi kayekten. Mangga kita tansah waspada lan ngatos-atos ing jaman samangke awit kathah piwulang ingkang boten condhong kaliyan Sabdaning Allah.

Kita kedah sinau kangge nggatosaken lan mbandhingaken piwulang piwulang ingkang kita tampi kaliyan Pangandikaning Allah. Sumangga kita nyuwun panuntuning Sang Roh Suci supados mangertos kayekten saking Gusti Allah. Kita kedah mbuka manah lan pikiran kita kangge nampi piwulang ingkang sejati, sarta nyawisaken dhiri kangge ngadhepi maneka warni tantangan lan pacoben. Menika saged dados margi kangge ndadar iman kapitadosan kita.

Pangandikanipun Allah badhe nuntun kita supados boten kesasar. Kita tansah saged niteni piwulang ingkang sejati saking Gusti lan boten gampil dipunsasaran. Kasangsaran ndherek Gusti badhe dipun alami para muridipun Gusti. Mila kita ingkang dados muridipun Gusti kedah tetep waspada lan tansah ngatos-atos, awit kathah piwulang ing sakiwa tengen kita ingkang saged nasaraken kita. | \*DAC

## PANGERAN YEHUWAH TETAMENG KITA

*“Nanging Paduka, dhuh Yehuwah, ingkang dados tetameng kawula, ingkang ngaling-alangi kawula, Paduka ingkang dados kaluhuran kawula, inggih ingkang ndengenekaken sirah kawula.” (Jabur 3:4)*

Salah satunggaling pirantos perang inggih menika tameng. Pirantos menika saged ngaling-alangi serangan saking mengsa. Tetameng menika dipun angge gegambaran Gusti Allah ingkang mitulungi umat ingkang sesambat nyuwun tulung dhumateng Gusti Allah. Umat kapitulungan lan kaaling-alangi dening Gusti Allah saking bebaya ingkang nempuh umat.

Nyuwun pitulunganipun Gusti Allah nalika kita rumaos ringkikh lan apes menika wigati. Menika ingkang katindakaken dening Dawud ingkang saweg ngadhepi mengsa ingkang paling awrat ing gesangipun. Sang Dawud sesambat dhumateng Pangeran Yehuwah nalika ngadhepi kathah mengsa ingkang sami nglawan piyambakipun.

Jabur 3 menika kaserat dening Prabu Dawud nalika ing salebetting kawontenan nampi karibedan ingkang boten saged dipun tanggulangi kanthi kekiyatuning manungsa. Pramila piyambakipun sesambat nyuwun pitulungan dhumateng Gusti Allah lan pitados bilih Gusti Allah tansah myarsakaken pasambat pandonganipun.

Wonten ing gesanging tiyang pitados, kita ugi ngadhepi maneka warni pepalang lan pangancam ingkang damel kita rumaos ringkikh lan ajrih, satemah boten gadhah pangajeng-ajeng. Kanthi pitulunganipun Gusti Allah minangka tetameng kange tiyang pitados, kita badhe dipun ayomi satemah ngraosaken kekiyatuning lan manah ayem awit kaaling-alingen saking bebaya bilai saha pangancam.

Sumangga sami sesambat, pasrah sarta pitados dhumateng Gusti Allah ingkang dados tetameng kita. Pangayoman saking Gusti Allah badhe kita tampi lan kita raosaken ing gesang kita saben dintenipun. Boten wonten ingkang saged nandhingi kekiyatuning Gusti Allah ingkang ngayomi kita awit Pangeran Yehuwah menika kagungan panguwaos nglangkungi sedaya panguwaos ing jagad menika. |\*DACP

## SESAMBAT DHUMATENG GUSTI

*"ing ngriku kawula lajeng sesambat dhateng Pangeran Yehuwah,  
Gusti Allahipun leluhur kawula, Pangeran Yehuwah inggih lajeng  
nyembadani ing pasambat kawula, tuwin mirsani ing kasangsaran  
lan rekaos kawula saha anggen kawula sami katindhes."*

*(Pangandharing Toret 26:7)*

Anak ingkang dereng diwasa nalika boten saged nindakaken satungguling perkawis mbetahaken pitulunganipun tiyang sepuh. Ingkang katindakaken inggih menika sesambat nyuwun pambiyantu dhateng tiyang sepuhipun.

Pangandharing Toret 26:7 menika satunggaling kitab ing Prajanjian Lami ingkang ngemot pitedah-pitedah ingkang wicaksana saking para leluhur bangsa Yahudi. Pitedah menika paring piwulang dhateng umat bab gesang kanthi andhap asor sesambat nyuwun tulung dhumateng Gusti. Gusti Allah leluhuripun umat tansah karsa midhangetaken pasambatipun umat, ugi lajeng nyembadani dhateng pasambatipun umat, tuwin mirsani ing kasangsaran lan rekaosing umat saha anggenipun umat sami katindhes.

Kita boten pareng kesangeten anggenipun ngasoraken dhiri kanthi cara ingkang klentu, nanging ugi boten gumunggung ing salebetung makarya. Kita kedah sianu gesang kanthi andhap asoring manah lan budi. Pembudi daya kita lampahi kanthi saestu ing pakaryan kita. Sampun ngantos kita kesupen bilih samukawisipun ingkang gesang badhe pejah lan boten badhe mbekta manapa-menapa kejawi pandamel sae kita piyambak. Nalika wonten sikep ingkang *ekstrem*, sae menika rumaos asor sanget menapa dene kesangeten anggenipun gumunggung makarya, Pangandharing Toret 26:7 paring piwulang dhateng kita kangge gesang kanthi andhap asoring manah lan mbudi daya makarya kanthi tumemen.

Mangga sami sinau ngrumaosi karingkihan kita, mila tansah ngantantu pitulunganipun Gusti Allah. Lumantar pasambat-pasambat kita ingkang kanthi andhap asoring manah kita, Gusti Allah kersa nyembadani lan paring kekiyatana dhateng kita. |\*DAC

## INJIL KEDAH DIPUNWARTOSAKEN

*“Nanging Injil kudu diwartak-wartakake dhisik marang sakabehing bangsa.” (Markus 13:10)*

Martosaken Injil lan andum katresnanipun Sang Kristus dhateng sedaya tiyang menika dhawuhipun Gusti Allah ingkang wigati. Ayat kita nyebat bilih Injil kedah dipun wartos-wartosaken langkung rumiyin dhateng sedaya bangsa.

Gusti Yesus paring dhawuh dhateng para muridipun kangge martosaken Injil lan andum sih rahmatipun Sang Kristus dhateng sedaya tiyang, boten namung dhateng satunggal kelompok tertemtu. Nanging ugi dhateng sinten kemawon ingkang kita panggihi ing gesang padintenan. Wigati bilih ancas peladosan lan penginjilan menika inggih martosaken kabar kabingahan kawilujengan dhateng sedaya bangsa.

Kita minangka pandherekipun Sang Kristus katimbalan kangge martosaken Injil lan mberkahi kanthi sih rahmatipun Gusti dhateng tiyang-tiyang ing sakiwa tengen kita. Markus 13:10 ngajak kita kangge nggatosaken sedaya tiyang kanthi boten mawang kawontenanipun tiyang menika.

Mangga kita sinau gesang kebak katresnanipun Sang Kristus minangka wujud paseksi dhateng jagad menika. Kanthi mekaten kita sampun martosaken Injil dhateng sedaya bangsa. Andum berkah awujud menapa kemawon menika ugi mratelakaken anggen kita martosaken kabar kabingahan sejati dhateng sedaya umat.

Menapa kemawon ingkang badhe kalampahan anggen kita ndherek Gusti Yesus, Injil kedah langkung rumiyin kawartosaken. Sinaosa wonten pepalang, dipunmengsahi, dipunsingkiraken, dipunaniaya, lan dipunselaki minangka tiyang Kristen kita kedah nindakaken ayahan lan tanggal jawab kangge martosaken Injil. Boten perlu ajrih, awit Gusti ingkang badhe nuntun anggen kita atur panjawab. Sinoasa kita dipunsengiti, sampun samesthinipun kita setya ing iman kapitadosan kita ngantos dumugi pungkasaning gesang.  
|\*DAC

## KAPENUHAN ING ROH SUCI

*"Nanging Sang Stefanus kapenuhan ing Roh Suci, tumenga marang ing langit, banjur mirsa kamulyaning Allah lan Gusti Yesus jumeneng ing tengening Allah." (L. Para Rasul 7:55)*

Menawi sepeda motor kebak bensinipun, sepeda motor menika badhe saged kanthi rikat dipun titihi. Daya kekiyatatan karana bahan bakar taksih kebak nyagedaken lampahing sepeda motor saged lancar lan rikat. Mekaten ugi ing babagan iman kapitadosan dhumateng Gusti.

Kekiyataning iman lan pengalaman karohanen ingkang ngedab-edabi nalika kita mitadosi Gusti kanthi gumolonging manah kapratela ing ayat kita dinten menika: *"Nanging Sang Stefanus kapenuhan ing Roh Suci, tumenga marang ing langit, banjur mirsa kamulyaning Allah lan Gusti Yesus jumeneng ing tengening Allah"*. Stefanus menika satunggaling diaken lan pengkhottbah ingkang setya ing pangundhaning Injil ing satengahing kawontenan panganaya ingkang kelampahan dhateng pasamuwan wiwitan. Nalika Stefanus dipun adili lan kadhawahan paukuman pejah, piyambakipun ngalami pengalaman karohanen ingkang ngedab-edabi. Stefanus ningali kamulyaning Allah lan Gusti Yesus ingkang jumeneng ing sisih tengenipun Sang Rama.

Ing gesang padintenan, nalika kaabenajengaken ing kawontenan ingkang angel lan kebak pepalang, waosan kita ing Para Rasul 7:55 paring pemut dhateng kita bab kekiyatataning iman lan pengalaman karohanen ingkang nuwuhaken daya kekiyatatan sarana pitados dhumateng Gusti kanthi gumolonging manah. Roh Suci badhe ngebaki kita, ndayani iman kapitadosan kita saha nyagedaken kita ngadhepi pangancam.

Sumangga kita sinau ngandelaken Gusti ing samukawis lan pitados kanthi sawetahipun ngantos kita ngraosaken kapenuhan ing Roh Suci kados dene Stefanus. Gusti Allah tansah nuntun kita ing sedaya kawontenan. Kita kedah nyaosi papan ing manah kita kangge nampi panuntun lan panganthining Roh Suci. Gesang kita ingkang kapenuhan ing Roh Suci badhe mawujud ing raos sokur awit sih rahmat lan berkah ingkang sampun kaparingaken dhateng kita. |\*DAC

## SUJUD NYEMBAH DHUMATENG GUSTI

*"Payo padha lumebu marang padalemaning Allah, padha sujud nyembah ana ing ngarepe ancik-ancikaning sampeyane." (Jabur 132:7)*

Ngupadi lan ngluhuraken Gusti ing sedaya perkawis menika wigati. Ngasihi lan ngurmati padalemaning Allah sampaun samesthinipun katindakaken dening umat. Juru Masmur ngajak umat supados mlebet ing padalemaning Allah, kangege umat ngaturaken panembah ing ngarsanipun Gusti Allah. Jabur menika nedahaken Bait Suci ing Yerusalem, papan pangibadah kangege tiyang-tiyang Israel mulyakaken Gusti lan misungsungaken pisungsunging umat. Ing papan pangibadah menika umat Israel nindakaken pangibadah lan nampi berkah saking Gusti Allah.

Ing jagad samangke kebak tiyang-tiyang ingkang sibuk nyambut damel, ingkang ndadosaken umat kesupen ngupadi Gusti lan ngluhuraken asmanipun. Mila kita kaemutaken bilih mapanaken Gusti ing papan ingkang utami ing gesang kita menika saestu wigati. Anggen kita ngupadi Gusti lan ngluhuraken asmanipun ing padaleman suci minangka papan anggen kita ngibadah lan nampi berkahipun mugi tansah saged katindakaken ing gesang padintenan. Gesang kanthi kebak urmat lan ngasihi padalemaning Allah menika wujud anggen kita sujud manembah dhumateng Gusti Allah ing Mahasuci. Enering gesang kita menika dhumateng Gusti. Mlebet ing padaleman Allah menika nedahaken bilih ingkang utami ing gesang kita menika Gusti minangka sumbering gesang lan pagesangan kita.

Kados pundi menggah gesang kita? Menapa ingkang utami ing gesang kita? Menapa HP, arta, panyambut damel, bandha kadonyan utawi bab sanesipun? Sabdanipun Gusti dinten menika mbereg kita supados tansah ningali iba agenging sih rahmatipun Gusti ing gesang kita. Sumangga kita ngeneraken gesang kita dhumateng Gusti, lumebet ing padalemaning Sang Yehuwah lan sujud manembah dhumateng Gusti Allah. Pangeran Yehuwah, Allah kita tansah ngluberaken berkah kaswargan dhateng kita sedaya. |\*DAC

## PITADOS NGGADHAHI GESANG

*“Sing sapa pracaya marang Sang Putra, iya nduweni urip langgeng, nanging sing sapa ora mituhu marang Sang Putra, iku bakal ora weruh ing urip, nanging malah langgeng anggone kataman ing bebenduning Allah.”  
(Yokenan 3:36)*

Satunggaling rampog pitaken dhateng korbanipun, "Bandha apa nyawa?!" Si korban wangsulan, "Nyawa". Wasana sedaya barang darbekipun dipunrampog. Mekaten, manungsa langkung milih nyawanipun katimbang bandha. Menapa ginanipun sugih bandha nanging kecalan nyawa? Bandha kadonyan ical saged dipun padosi gentosipun. Nanging menawi nyawa ical menapa ingkang kange gentosipun? Manungsa gesang awit Gusti ingkang maringi. Nanging gesang ingkang sejati lan langgeng menapa namung gesang sawetawis ing jagad menika?

Yokenan 3:36 memulang kita bab wigatining mitadosi Gusti Yesus Kristus minangka Juru wilujeng kita, lan kados pundi menawi boten pitados dhateng Panjenengangipun. Ayat menika ngendikakaken bilih sinten ingkang pitados dhumateng Sang Putra, badhe nampi gesang langgeng, nanging sinten ingkang boten mituhu dhateng Sang Putra, menika badhe boten ningali gesang, nanging malah langgeng anggenipun nampi bebenduning Allah. Dados, iman kapitadosan dhumateng Gusti Yesus Kristus menika soroging nampi gesang langgeng. Nanging, menawi tiyang nampik lan boten pitados, piyambakipun boten badhe nampi gesang langgeng, ananging badhe nampi bebenduning Allah.

Mangga sami pitados dhumateng Gusti Yesus Kristus minangka Juruwilujeng kita, lan nampi kawilujengan ingkang dipun paringaken lumantar pakaryan panebusanipun ing kajeng salib. Kita kedah tinarbuka ing manah lan pikiran kange nampi sih rahmat lan berkah saking Gusti Allah lumantar Gusti Yesus Kristus. Kanthi pitados dhumateng Gusti Yesus Kristus, kita boten namung angsal gesang sejati nanging malah gesang langgeng. Mila tansaha pitados dumateng Gusti kanthi saestu. Gesang ingkang sejati lan langgeng namung wonten ing Gusti Yesus Kristus.I |\*DAC

## DADOS UMATIPUN GUSTI

*"lan kang wus ngangkat kita dadi sawijining karajan, padha dadi imam sumaos marang Gusti Allah, kang Rama, -- iya kagem Panjenengane iku kamulyan lan panguwasa nganti ing salawas-lawase. Amin." (Wahyu 1:6)*

Iba bingahipun nalika pikantuk kalenggahan saking pehak kraton, dipun angkat lan diparingi gelar raden mas. Kaangkat dados peranganing brayat satunggaling karajan awit labuh labet minangka abdi, temtu badhe katampi kanthi nglairaken jejing raden mas supados mungguh ing sikep gesang padintenan. Ing kekristenan kita asring kasebat para putraning Allah. Kedahipun kita bingah lan bombong, awit sanes manungsa ingkang maringi sebatan menika nanging Gusti Allah, Rama kaswargan.

Wahyu 1:6 paring piwulang dhateng kita bab jejer kita minangka umat pilihanipun Allah, lan dhawuh timbalan kangge kita gesang minangka imamipun. Ayat menika mratelakaken bilih ingkang sampun ngangkat kita dados satunggaling karajan, sami dados imam sumaos dhumateng Gusti Allah, ingkang Rama, inggih kagem Panjenenganipun menika kamulyan lan panguwaos ngantos ing salami-laminipun.

Menika tetingalan ingkang katampi dening Yokenan ngengingi Gusti Yesus Kristus, ingkang nelakaken bilih kita menika minangka umat pilihanipun Allah sampun kaparingan kalenggahan ingkang inggil minangka ratu-ratu lan imam-imam kagem Allah, Rama kita. Minangka ratu-ratu, kita gadhah panguwaos kangge ngereh gesang kita. Minangka imam-imam, kita gadhah dhawuh timbalan kangge ngaturaken pisungsung ingkang suci lan lelados kagem Gusti Allah kanthi setya.

Kalenggahan inggih saking Gusti menika tansah kita raos-raosaken kanthi mujudaken gesang padintenan. Wujud nyata inggih kanthi gesang minangka umat ingkang tansah mituhu dhumateng Sang Nata Agung. Ngereh gesang kita manut ing pitedahipun lan misungsungaken gesang sawetahipun kagem Allah. Menika pisungsung ingkang suci lan karenan kagem Panjenenganipun. |\*DAC

## RUMAKET DHUMATENG GUSTI

*"Nyawa kawula rumaket dhumateng Paduka, sarta asta tengen Paduka nyepengi kawula." (Jabur 63:9)*

Wonten satunggaling kekidungan ingkang mekaten suraosipun:

*"Hanya dekat Allah saja aku tenang dari pada-nyalah keselamatanku hanya dia gunung batuku, hanya dia kota bentengku aku tidak akan goyah slama-lamanya..."*

Kidung menika nelakaken bilih namung rumaket dhateng Gusti Allah manahing manungsa ngraosaken ayem lan tentrem. Gusti Allah dados redi sela lan kitha beteng, papan pangayoman ingkang nentremaken. Gesangipun manungsa boten badhe goyah. Gusti Allah menika sumbering katentreman. Menawi kita rumaket dhateng Gusti minangka Ratuning Katentreman temtunipun kita ugi tansah ngraosaken ayem lan tentrem, sinaosa gesang kita kebak karibedan lan pepalang.

Pengaken menika pinanggih ing Jabur 63:9 ingkang minangka pandonganipun Dawud nalika wonten ing pasamunan, ingkang dados papan ing pundi piyambakipun ngupadi Gusti lan mitadosi kanthi gumolonging manah. Ayat menika paring piwulang bilih nalika kita mitadosi Gusti lan ngupadosi kanthi gumolonging manah, kita badhe ngraosaken rawuhipun ingkang nyata lan astanipun ingkang nyantosakaken kita.

Ing gesang padintenan nalika kita ngadhepi maneka warni pepalang lan kawontenan ingkan boten nentremaken, mangga sami rumaket dhumateng Gusti. Menawi tansah rumaket lan nunggil kaliyan Gusti ing saben dintenipun. Kita badhe tansah ngraosaken ayem lan tentrem. Ingkang kita tingali boten namung bebaya ingkang ngancam gesang kita. Ingkang kita tingali sampun ngantos namung karibedan ingkang kita adhepi, nanging Gusti ingkang wonten ing gesang kita.

Kanthy tetunggilan kaliyan Gusti lumantar pakempalan ing pasamuwan, maos Kitab Suci, pandonga lan sapanunggalanipun ingkang saestu, kita badhe kulinten lan rumaket ing raos ayem. | \*DAC

## ALLAH MENIKA RATU INGKANG LANGGENG

*“Bareng malaekat kang kapitu ngungelake kalasangkane, tumuli ing swarga keprungu swara banter padha muni mangkene: “Paprentahan ing donya iku kaasta dening Pangeran kita lan Sang Jebadane, sarta Panjenengane bakal jumeneng Ratu langgeng salawas-lawase.”*  
*(Wahyu 11:15)*

Ing gesang sesarengan menika kedah katata kanthi sae. Pramila gesang sesarengan mbetahaken satunggaling pemimpin. Ing gesang masyarakat, pemimpin menika boten langgeng, wonten wekdalipun mimpin, wonten wekdalipun lereh saking kalenggahanipun minangka pemimpin. Mekaten ugi ing gesang umatipun Gusti ingkang kagambaraken kados dene satunggaling kraton kapimpin dening ratu. Kita gadhah satunggaling pemimpin inggih menika Sang Kristus minangka Ratu Ingkang Langgeng.

Wahyu 11:15 paring piwulang dhateng kita bab mimpang umatipun Allah lan kratoning Allah ingkang langgeng. Ayat menika nelakaken bilih nalika wonten malaekat ingkang kaping pitu ngungelaken kalasangkanipun, lajeng kapireng saking swarga swanten sora sami mungel mekaten: *“Paprentahan ing donya iku kaasta dening Pangeran kita lan Sang Jebadane, sarta Panjenengane bakal jumeneng Ratu langgeng salawas-lawase.”*

Ayat menika adedhasar ing tetingalan ingkang katampi dening Yokenan bab pungkasaning jaman, ing pundi para malaekat ingkang kaping pitu ngungelaken kalasangka lan martosaken kamimpangan kangege umatipun Allah lan krajanipun ingkang langgeng. Kapratela bilih kratoning jagad sampun dados kagunganipun Gusti Allah lan Putranipun. Gusti Allah badhe ngereh umat ngantos ing salami-laminipun.

Sumangga minangka umat ingkang sampun mimpang lan dados umat kratoning swarga, kita lairaken ing gesang padintenan kanthi ngakeni bilih Gusti kita, Yesus Kristus menika Ratu ingkang langgeng kangege gesang umat kagunganipun. Pengaken kita mawujud ing tumindak ingkang tansah nindakaken sedaya dhawuhipun, kita purun lan sumadya kapimpin dening Allah sarana panuntuning Sang Roh Suci. |\*DAC

## TENTREM RAHAYU ING GUSTI

*“Anggonku mulangake iku mau kabeh marang kowe iku, supaya kowe padha olehentrem-rayahu ana ing Aku. Ana ing donya kowe padha nandhang panganiaya, nanging padha diteteg atimu, Aku wus ngalahake donya.” (Yohanan 16:33)*

Mangga kita raosaken ijemaning Kidung Pasamuwan Jawi 399 ingkang mekaten:

Ayem nèng Gusti Yesus, lerem anèng swarga  
Ingauban ing sihnya, iba ayemira  
Wonten swara ngumandhang, lir péndah pramukti  
nèng swarga samya ngidung lan énggar ing ati ...

Kita sinau saking Yohanan 16: 33 ingkang paring piwulang bab katentreman lan pangajeng-ajeng ingkang kita tampil ing Gusti Yesus Kristus sinaosa ing satengahing kawontenan jagad ingkang kebak ing panandhang lan karibedan. Sabadanipun mratelakaken bilih sedaya ingkang sampun kapangandikakaken dhateng para sekabat, supados sami nampeni tentrem rayahu wonten ing Gusti. Wonten ing donya para sekabat sami nandhang panganiaya, nanging kedah sami tatag ing manah, awit Gusti sampun ngawonaken donya.

Menika pangandikanipun Gusti Yesus dhateng para murid ndungkap sedanipun. Gusti Yesus maringaken panglipur lan pangajeng-ajeng dhateng para murid lan kita mingka para pandherekipun, bilih ing Sang Kristus, kita saged nampeni tentrem rahayu ingkang nglangkungi pangertosaning manungsa, sinaosa ing kawontenaning jagad ingkang kebak ing panandhang lan karibedan.

Ing gesang padintenan kita tansah mbetahaken katentremaning manah kangge ngadhepi sedaya ingkang lumampah ing jaman samangke ingkang kebak panandhang lan karibedan. Katentreman ingkang saking Gusti Yesus menika katentreman ingkang sejati lang lenggeng, boten sami kaliyan katentreman saking jagad ingkang semu. |\*DAC

## ELING-INGELINGNA LAN BANGUN-BINANGUNA

*"Mulane kowe padha eling-ingelingna lan bangun-binanguna, kayadene kang panceñ padha koklakoni iku." (I Tesalonika 5:11)*

Manungsa menika gampil supe, mila perlu kaemutaken. Pepemut menika saged saking pundi kemawon. Ing jaman samangke HP saged dados sarana kangge ngemutaken kita supados boten telat anggen kita tangi enjang. Kita setel "alarm" wanci jam 4 enjing, lajeng ing wekdalipun wonten swanten "alarm" ingkang mungel kita kagigah lan kaemutaken supados enggal tangi. Nanging beda kaliyan bab ing ninggil. Dhawuhipun Gusti, pepemut menika linangkung prayogi ing gesangaing pasamuwan, inggih menika saking sesami ingkang ugi saged sami dene ngemutaken.

Piwulang saking 1 Tesalonika 5:11 memulang kita bab wigati sami dene mbereg lan mbangun satunggal dhateng sanesipun ing iman kapitadosan lan katresnan. Ayat menika mratelakaken, "milanipun kita sami emut-ingemutaken lan bangun-binangun, kados dene ingkang panceñ sami dipun lampahi menika." Pangandika menika kala semanten panceñ katujokaken dhateng pasamuwan ing kitha Tesalonika. Naning salajengipun, Pangandika menika ugi kaparingaken dhateng kita. Bab emut-ingemutaken lan bangun binangun ing iman kapitadosan lan katresnan menika prekawis ingkang wigati. Rasul Paulus ngemutaken bilih kita kedah mbudi daya kangge mbangun semangat lan kekiyatanning sesami sedherek patunggilan ing Sang Kristus, mirungan dhateng ingkang rumaos ringkikh lan katindhes.

Ing satengahing gesang padintenan ingkang boten uwal saking karibedan lan tantangan, ingkang saged ndadosaken kita rumaos katindhes lan ringkikh, mangga kita emut piwulang saking 1 Tesalonika 5:11 ingkang mulangaken supados emut-ingemutaken lan bangun binangun ing iman kapitadosan lan katresnan. Kanthi mekaten kita sedaya sami kasantosakaken ing iman kapitadosan kita. Anggen kita nindakaken katresnan ugi tansah saged kalampahan, dadosa ing gesaning pasamuwan, menapa dene ing bebarayan agung menika. |\*DAC

## KATRESNAN, KASETYAN LAN KABENERAN

*"Kabeh margining Yehuwalah iku katresnan, kasetyan lan kabeneran tumrap wong kang padha netepi prajanjian lan pepengete."*  
*(Jabur 25:10)*

Kangge tiyang pitados sedaya margining Allah menika katresnan lan kayekten. Ing marginipun Gusti wonten sih katresnan, katresnan ingkang mulihaken lan paring kemareman, ing sihipun Allah wonten kasetyan dhateng kita. Tiyang ingkang sumadya nampeni kamulyaning Allah saben dinten, badhe ngalami rawuhipun Gusti lan nggadhahi semangat ing saben wekdal. Sabdanipun Allah paring jaminan, sok sintena ingkang nggondheli prasetyan lan pepakenipun, tiyang menika badhe ngalami margining Allah ingkang kebak katresnan, kasetyan lan kayekten.

Piwulang saking Jabur 25: 10 mujudaken paseksi saha pengakenipun Dawud ingkang nedahaken bab katresnan lan kasetyanipun Allah ingkang linuber dhateng umatipun ingkang setya. Dawud nelakaken bilih sedaya margining Allah menika sih susetya lan kayekten kange tiyang-tiyang ingkang gegondhelan dhateng prasetyanipun lan paseksinipun.

Margining sih susetya menika margi ingkang kaparingaken dening Gusti dhateng manungsa ingkang kebak sih kasetyan. Menika minangka wujud sih susetyaning Allah, wujud kawigatosan lan pambelanipun Allah dhateng tiyang pitados. Kenging menapa sih susetya mesthi kaparingaken? Karana boten kathah tiyang ingkang tetep gondhelan dhateng margining Allah. Manungsa asring nganggep margining Allah minangka momotan. Kados-kados boten sami kaliyan kabetahaning manungsa. Mila manungsa asring remen milih marginipun piyambak.

Minangka tiyang pitados, sumangga sampun ngantos kita kados manungsa donya ingkang nganggep margining kayekten saking Allah menika minangka momotan. Sageda kita tetep netepi prasetyan lan pepemutipun ingkang kebak katresnan, kasetyan lan kayekten. |\*DAC

## **SAMUKAWIS SAMPUN KASERATAN**

*"Amarga yaiku mangsa tekane piwales, kang dadi kayektene sabarang kang wis katulisan kabeh." (Lukas 21:22)*

Ing satunggaling parepatan pengurus mbetahaken satunggaling notula ingkang kaserat minangka cathetan bab samukawis ingkang dados bahan pirembagan, sae menapa ingkang dados *evaluasi* lan rancangan kegiatan mangajeng badhe katindakaken. Menawi ing wekdal salajengipun, nalika kegiyatan ingkang kelampahan sami kaliyan ingkang sampun kaserat menika ateges programipun kasil awit pancen sampun kaserat. Kosok wangslipun menawi boten sami kaliyan menapa ingkang sampun kaserat menika ateges boten kasil.

Mekaten menggah ing rancanganipun Allah ingkang kelampahan ing gesangng manungsa kados ing waosan kita dinten menika. Lukas 21:22 paring piwulang dhateng kita bab kaadilan lan panguwaosipun Allah ingkang badhe kelampahan ing pungkasaning jaman, sinaosa ing kawontenan jagad ingkang kebak kisruh lan piawon . Ayat menika mratelakken bilih ing dinten-dinten menika badhe dados dinten piwales, satemah kelampahan samukawis ingkang kaseratan.

Ayat menika adedhasar ing pangandikanipun Gusti Yesus dhateng para murid bab pratandhaning pungkasaning jaman lan badhe rawuhipun ingkang kaping kalih. Gusti Yesus paring pratela bilih ing pungkasaning jaman, dinten-dinten mangkenipun badhe dados dinten paukuman, kaadilan lan panguwaosipun Allah dipunjangkepi lan samukawisipun ingkang sinerat badhe kelampahan.

Kasunyataning gesang ing wekdal samangke ingkang kebak karuwetan, sesakit, pagebluk, karusuhan saged dipunalami sinten kemawon. Nanging tumraping tiyang pitados ingkang setya tuhu saged tetep bakuh sinaosa kasunyataning gesang kebak ing panandhang lan badhe nampi piwales kados ingkang sinerat ing kitab suci. Sedaya pangandikaning Allah mesthi badhe kalampahan ing wekdalipun manut ing karsanipun Allah. |\*DACP